QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«14» апрель 2021 j. 02-04/02-1893 - sanlı

**Қарақалпақстан Республикасы**
**1-санлы Меҳрибанлық үйине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 9-апрель сәнесиндеги "Республикалық 1-санлы "Меҳрибанлық үйи"ниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў ушын қаржы ажыратыў илажлары ҳаққында"ғы 300-санлы Қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынлаў ушын жиберилмекте. Усы Қарар тийкарында ажыратылған қаржылардың белгиленген тәртипте мақсетли жумсалыўын тәмийинлеўиңизди сораймыз.

Карар қоса тигиледи.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **Қ. Бекбаулиев**

Таярлаған: Г. Бекмуратова
Тел: (8 361) 222-28-49

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ ҚАРАРЫ**

**ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ЖЎҚОРҒИ КЕНГЕСИ ПРЕЗИДИУМИНИНГ ҚАРОРИ**

**Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»ниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў ушын қаржы ажыратыў илажлары ҳаққында**

Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»нде тәрбияланыўшы балаларға қолайлы шараятлар жаратыў, сондай-ақ, қәўендерлик ҳәм патронатқа берилген балалардың жағдайынан хабар алыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 9-апрельдеги 01-05/10-04/114-санлы, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 25-марттағы 01-04/02-1465-санлы, Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2021-жыл 1-апрельдеги СМ/04-01/1101-санлы хатларын инабатқа алып, Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 126-статьясының 5-бөлимине ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 15-статьясының 19-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумы

**Қ А Р А Р  Е Т Е Д И :**

1. Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»ниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў ушын Қарақалпақстан Республикасы республика бюджетиниң 2021-жыл 1-январь жағдайына пайда болған еркин қалдық бөлеги есабынан қаржы ажыратыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң, Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң усыныслары мақуллансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Содиқов) Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»не 1 дана «Cobalt» GX/16ATB-PLUS маркалы автомашинасы ушын 116 495 000 (бир жүз он алты миллион төрт жүз тоқсан бес мың) сўм, усы автотранспортты мәмлекетлик дизимнен өткериў ушын 570 000 (бес жүз жетпис мың) сўм ҳәмде газ жанылғысы (ГБО СНГ Евро-4 STAG 90л) менен қайта үскенелеў ушын 6 400 000 (алты миллион төрт жүз мың) сўм, жәми 123 465 000 (бир жүз жигирма үш миллион төрт жүз алпыс бес мың) сўм қаржыны Қарақалпақстан Республикасы республика бюджетиниң 2021-жыл 1-январь жағдайына пайда болған еркин қалдық бөлеги есабынан Республикалық 1-санлы «Меҳрибанлық үйи»не тийисли тәртипте ажыратсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси (Қ.Сариев), Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги (Р.Реймов) усы қарар тийкарында ажыратылған қаржылардың белгиленген тәртипте мақсетли жумсалыўын тәмийинлесин.

4. Қарақалпақстан Республикасы Финанслық қадағалаў басқармасына (А.Казакбаев) ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалыўын қадағалаў ҳәм нәтийжеси бойынша Жоқарғы Кеңеске мәлимлеме киргизиў тапсырылсын.

5. Усы қарар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезектеги сессиясына тастыйықлаў ушын усыныс етилсин.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының орынбасары А.Давлетовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы** **М.Камалов**

Нөкис қаласы, 9-апрель 2021-жыл
№ 300

QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 79
"13" 04 2021 JIL